



**Cò ponpye, Vil New York**  
**EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI**

Michael R. Bloomberg, Mè  
 Salvatore J. Cassano, Komisyone Ponpye

**SEKIRITE KONT DIFE NAN**  
**APATMAN BILDING**

***Sekirite kont dife kòmanse nann aptman pa w!***  
***Eske fanmi w an sekirite kont dife?***  
***Pwoteje tèt ou, fanmi w ak vwazin w.***

**G**en de kote espyal ki konsène lè li sa gen pou wè ak sekirete kont dife nan yon bilding ki gen aptman. Fanmi ki abite nan bilding ki gen apatman rete tou pre youn ak lòt; sa fè ke lè dife pran li gen efè sou risk youn ak lòt parapò ak dife a. Alòske ke chans ke yon dife pran nan yon aptman apeprè menm ak nan yon kay prive, Dife nan aptman gen potansyèl pou li pwopaje, chalè dife a ak lafimen nan tout bilding la, se sa ki fè ke sekirite tout moun ki abite la afekte.



ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont ensandi ke cò ponpye Vil New York voye

**FD**  
**NY**

**MISYON NOU SE SEKIRITE W**

**AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865**



# 1. KONN KI BÒ SÒTI YO YE

Se pou gen de jan pou ka sòti deyò nan bilding ou an.

**Sòti primè** ou, oswa sòti prinsipal se pòt devan aptman w la ki bay sou oswa on kote ki pa bare (ki pa separe ak ni mi ni pòt) eskalye oswa on koulwa piblik ki kondi nan lari.

**Sòti segondè w**, ta dve ye youn nan sa ki make an anba a, sa pwal depann de ki lè yo bati bilding la, li mennen dirèkteman oswa indirèkteman (sou on lakou) ki nan nivo lari a:

- Yon kote adisyonèl ki fèmen ki aksesib depi koulwa piblik la. (Bilding ki pi nèf yo.)

- Yon tou pou dife ki fèmen (eskalye ki aksesib depi koulwa piblik la).

- Yon eskalye pou chape lè dife ki bay sou deyò, ki aksesib depi andedan aptman w la atravè yon fenèt oswa yon pòt.

Yon elevatè pa janm yon mwayen ki akseptab pou sòti lè gen dife.

# 2. KENBE TOUT SÒTI YO SAN ANKONBREMEN E AN ETA DE FONKSYONMAN

Antretni pòt dife yo ak sòti yo kòm sa se dwa ap diminye chans pou ou ta jwenn lanmò oswa pou w ta blese nan yon dife nan bilding ou a.

- Kenbe pòt aptman w oswa pòt ki bay sou koulwa piblik oswa vestibil la kòm de kwa li inflamab epi ki fèmen poukò yo. (jwe nan gon ki pèmèt ke pòt fèmen poukò yo oswa bloke pòt ki fèmen poukò yo illegal).

- Asire w ke seri pòt apatman w kapab louvri pa andedan ak yon seri ki vire (san ou pa bezwen sèvi ak kle).

- Kinbe pòt ki soti sou koulwa piblik ki bay sou eskalye oswa tou dife kòm si de kwa yo inflamab epi ki fèmen poukò yo. ( on fwa ankò, jwe nan gon ki pèmèt ke pòt fèmen poukò yo oswa bloke pòt ki fèmen poukò yo illegal).

- Kinbe eskalye ak soti dife ki sou deyò lib tout tan san chemem l pa bare. Pas anpile anyen tankou chèz pouset, bisiklèt, oswa fatra ou oswa anba eskalye oswa sou palye mach eskalye yo.



## AN NOU KINBE FANMI W AN SEKIRITE KONT DIFE

# 3. SEKIRIE VS. SEKIRITE KONT DIFE

## Fenèt Sekirite Baryè

Gen moun ki isnstale ba sekirite oswa baryè nan fenèt apatman yo pou anpeche mal fektè antre andedan lakay yo. Men, lè ou fè sa si gen dife, ou pyèje tèt ou ansanm ak tout fanmi w, epi tou ou antrave pasaj ponpye ki vinn sove nou.

Si yon aptman gen yon sòti dife ki bay sou deyò, se sèlman ponpye Vil New York ki ka apwouve si ou ka mete baryè sekirite ki louvri san ou pa bezwen kle nan fenèt la. Règleman sa aplike tou pou tout sòti segondè fenèt nan nivo anba. Intalasyon yon baryè ki pa apwouve stikteman intèdi nan NYC.

Baryè ke FDNY apwouve pa bezwen ke yo sèvi ak zouti, kle, oswa pou yo fè anpil efò pou yo louvri yo. Lè wap achte on baryè sekirite asire w ke li gen on so sou li oswa yon etikèt ki gen nimewo apwobasyon FDNY.

Aprè ou finn instale yon baryè sekirite ki apwouve, asire ou ke tout moun lakay ou konn kòman pou yo lage bagay ki kenbe l la.

Sonje kite fenèt soti pou dife a lib san anyen pa bare chemen l, tankoiu mèb, plant, oswa klimatizatè.

## Ba Nan Fenèt Pou Sekirite Timoun

Code sante Vil New York mande pwopriète ki gen plizyè kay pou yo instale ba nan fenèt pou sekirite timoun lè gen timoun ki gen dis an ou pi piti ki abite nan apatman an. Ba sekirite yo se ti barikad ke yo mete pou pwoteje timoun pou anpeche yo sòt tonbe nan fenèt yo.

Men, pou asire sekirite w lè gen dife, yo pa ka instale barikad sa yo nan fenèt ki sèvi pou ou kapab cahpe lè gen dife.

**ALAM KI DETEKTE LAFIMEN SOVE VI!**

## 4. KONN KI JAN POU W SÒTI

La lwa (lwa local # 10 1999) mamde aseke propriyetè bilding aptman ki gen twa oswa plis inite kay aseke yo devlope yon plan softaj ki espesyal pou bilding yo an. Se pou plan an geyen konsèy de baz sou sekirite kont dife, ak enfòmasyon sou bilding la ansanm ak kalite batiman li ye, kalite sistèm sekirite yo genyen kont dife, epi tou diferan jan yo genyen pou sòti nan bilding la si dife janm pran oswa si you gen pou yo gen pou yo fè moun evakye.

### La lwa mande aseke propriyetè yo:

- o Afiche plan sekirite kont dife andedan chak apatman.
- o Afiche plan sekirite kont dife on kote ki visib nan yon zòn kote tout moun ap pase.
- o Distribye yon kopi chak inite kay nan tout bilding lan.
- o Bay tout nouvo locatè yon kopi lè yap siyen kontra lwaye a.
- o Re-distribye plan sekirite kont dife a chak ane pandan semen prevansyon kont dife a.

Pati pou evakyasyon nan plan sekirite kont dife pou bilding ou an ap depann de si wi ou non bilding ou an se yon bilding ki inflamab oswa li pa inflamab. E si dife a pran nan aptman pa w oswa nan yon lòt kote nan bilding la.

## 5. ESKE OU TA POU RETE OSWA AL FÈ ROUT OU.?

### A

Si ou abite nan yon bilding ki **PA INFLAMAB** epi dife pran, li ta pi bon (pi sennesof) pou sòti nan bilding la san pèdi tan.

#### Inflamab pa vle di ke bilding la iminze kont dife.

Pandan tan ke alyaj ki fè konstriksyon batiman an gen dwa pa pran dife, sa ki andedan l la ap pran dife e lap bay chalè ak lafimen ki ka menase vi w.

An jeneral nan bilding ki inflamab, dife ak lafimen ap limite nan yon pòsyon nan bilding la (aptman) kote dife a kòmanse pran an.

### B

Si ou abite nan yon **BILDING KI INFLAMAB** e dife pran li jeneralman pi bon (sennesof) pou w ta:

- o Rete andedan olye ou rantre nan yon koulwa ki plen lafimen, espesyalman si dife a pran anlè apatman pa w la.
- o Kite pòt ou FÈMEN.
- o Sele pòt la ak "duct tape" oswa mouye dra ak sèvyèt. Sele griyaj yo ansanm ak tout ouvèti kote lafen ka antre.
- o Etenn èkondisyone.
- o Amwenske flanm ak lafimen ap sòt pa anba, louvri fenèt yo yon ti kras anwo oswa anba. Pa kase fenèt yo; pita yo ka bezwen fèmen yo.
- o Rele Cò Ponpye ak nimewo aptman w la ak deskripsyon eta aptman w la ye. Yap voye Ponpye kote ou ye a.

### C

Si dife a se **ANDEDAN** aptman ou an. Kèlke swa kalite batiman an,

- o Fè tout moun sòti, akroupi otan ke nou kapab.
- o Sèvi ak sòti ki pi pre an e ki gen plis sekirite a.
- o Pandan ke wap ale FÈMEN TOUT PÒT.
- o Si wap sèvi ak eskalye ki andedan, avèti moun ki sou menm etaaj avè w yo, frape pòt yo pandan wap pase.
- o PA SÈVI AK ELEVATÈ A.
- o Rele 911 yon fwa ou rive on kote ki an sekirite.



**FDNY**

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865

**ALAM DETEKTE LAFIMIN SOVE VI!**

# LIS SEKIRITE KONT ENSANDI POU APTMAN W LA



Prevansyon ak planifikasyon se kle nan pwoteksyon fanmi w ak vwazin w. sèvi ak lis sa a kòm gid pou w sa idantifye pwoblèm ki ka genyen nan sekirite kont dife nan bilding ou an. Si ou tcheke **NON** nan ninpòt kesyon se pou you korije danje potansyèl yo, pou yo sa diminye risk wap kouri epi ogmante kantite jan ou ka pare w an ka dife ta pran.

## WI NON

- 1-Eske ou gen omwen yon alam ki detekte lafimen ki ap mache?
- 2-Eske ou gen omwen yon alam ki detekter monoxid kabòn ki ap mache?
- 3-Eske tou fil elektrik yo an bon eta? (yo pa chire, yo pap krake)
- 4-Eske tout fil elektrik yo ap patèt deyò, ke yo pap kouri anba tapi oswa atravè papòt?
- 5-Eske ou retire tout depo bagay ki ka pran dife nan apatman w tankou gazolenn oswa propann?
- 6-Eske ou mete chofaj elektrik ou o mwen twa pie pi lwen de tout bagay ki konbistib?
- 7-Eske chofaj elektrik yo ploge direktteman nan plog ki nan mi a e pa nan fil alonj?
- 8-Eske pòt apatman ou inflamab epi fèmen pou kò l?
- 9-Eske fenèt eskalye pou chape lè gen dife pa gen anyen ki ap bare li?
- 10-Si ou gen yon baryè sekirite, èske NDNY apwouve l?
- 11-Èske ou ka louvri tout fenèt yo pa andedan?
- 12-Èske tout eskalye bilding la lib, yo pap sèvi kòm depo epi yo pa gen fatra?
- 13-Èske pòt eskalye yo inflamab epi fèmen poukò yo?
- 14-Èske pòt eskalye pou dife yo toujou fèmen?
- 15-Èske limyè ki klere mach eskalye pou sòti yo ap mache byen?
- 16-Èske ou gen yon flach sou la men?
- 17-Èske ou gen yon plan pou chape lè gen dife?

**Korije pwoblèm oswa danje ki sou kontwòl ou oswa sou reponsabilite w imedyatman. Avèti pwopriyetè bilding la de tout lòt sa ou pa reskonsab yo.**

**Si li nesesè, rele Cò ponpye New York nan nimewo 718-999-2533 oswa 311 pou wouspete.**

*Dedi a memwa*  
Lieutenant Curtis W. Meyran  
Ponpye John G. Bellew  
Ponpye Richard T. Sclafani 23  
Janvyè, 2005

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI



**CÒ PONPYE  
VIL NEW YORK**  
9 METRO TECH CENTER  
BROOKLYN, NEW YORK 11201-3857

*Asire ak*  
**INITE EDIKASYON FDNY &  
BIWO INFÒMASYON PIBLIK FDNY**  
[www.nyc.gov/fdny](http://www.nyc.gov/fdny)  
[www.fdneyfoundation.org](http://www.fdneyfoundation.org)

